# Кхетош-кхиорхошца г1уллакхан ловзар

# «Бовза беза ненан мотт»




**Кечйинарг:**
**кхетош-кхиорхо**
**«Гуьмсан муниципальни к1оштан Гуьмсе г1алан «Берийн беш № 11 «Нана»**
**Селимбаева Хедижат Магамедовна**

1-ра ведущий. Де дика хуьлда шун, хьоме кхетош-кхиорхой а, мах хадорхой а. Тахана къаьсттина хаза де ду-кх вайна… Хедижат, алахьа, хьуна хуур дарий и иштта х1унда хета суна?

2-г1а ведущий. Дера ду, Милана, вешан хьомечу нохчийн маттахь , хьомсарчу нохчийн махкахь нохчийн мотт хааран г1уллакхан ловзар д1ахьур долу дела.

1-ра ведущий. Нийса боху ахь… Яханчу заманашкахь хийла «1илмана а бихкина, иллийна а бихкина 1иллина вайн мотт». Цул т1аьхьа кхин хан еана

« хьо бан-м бара, амма хьо оьшуш-м бац тхуна, хьо буй а ца хоуьйтуш 1елахь»,- бохуш, цхьана сона а табийна латтийна. Ткъа тахана, и бийца безий а, и хаа безий а вайга кхайкхош мехкан да ву вайн. « Ненан мотт- мокхазан ч1аг1о»,- аьлла цхьа мехала дешнаш а ду вайн дуьххьарлерчу Президентан Ахьмад-Хьаьжин Кадыровн. Йан а йу-кх мотт мокхазан ч1аг1о… Шен мотт боцу къам –къам лорийла дац.

Хьоме мах хадорхой, х1ара ловзар д1адолале, оха шуна бовзуьйтур бу ловзаран декъашхой.Уьш бу-кхетош-кхиорхой.

2-г1а ведущий. Ткъа ас шуна бовзуьйтур бу вайн лераме мах хадорхой: куьйгалхо Мадагова Р. И., лакхара кхетош-кхиорхо Исмаилова Т. Х.

1-ра ведущий. Хьоме декъашхой, х1инца оха шуна йовзуьйтур йу ловзаран бакъонаш: х1ара ловзар лаьтта пхеа гуонах, аьлча а пхеа этапах. Х1ора гуо лаьтта деа- пхеа хаттарх. Х1ора хаттар д1адешначул т1аьхьа, хаттарна жоп дала кийча йолчу тобано горгали бекор бу. Х1ора нийса жоп – цхьацца балл.

2-г1а ведущий. Пхеа гуонах лаьтта т1едахкарш кхочушдина девлча, къовсам хир бу х1ора тобанан тхьамданашна йукъахь. Царна дала а кечдина ду хаттарш. Х1ора нийса жоп- цхьацца балл.

1-ра ведущий. Ткъа х1инца шина а тобанан декъашхоша шайн тобанан ц1е а, харжаран бахьана а, шайн тхьамданаш а бовзийта беза. Дош шуьга ду-кх , декъашхой…

Ткъа х1инца….

Мах хадорхошка а хьовсий самадовла ,

Вовше хьовсий къинт1ера довла!

Х1инца дикка тидам бе,

Балхе ойла йерзайе!..

Хьалхара гуо вайн лаьтта нохчийн историх лаьцна…

Леррина ладог1а хаттаре.

Нохчийн зудчун Де даздар х1унда ду аьлла хета шуна сентябрь баттахь? Дийца цунах лаций.

2-г1а ведущий. Шозлаг1а хаттар иштта хир ду.

Нохчийн меттан Де даздар х1унда ду те апрель баттахь д1акхайкхийна? Дийца цунах лаций.

1-ра ведущий. Кхоалг1а хаттар иштта ду.

Сийлахь- боккха Даймехкан т1амах лаций дийца (доцца). Оцу т1амехь шайн хьуьнаршца г1арабевллачу Турпалхойн ц1ераш а яха.

2-г1а ведущий. Хьалхарчу декъан доьалг1а хаттар иштта хир ду.

Советан 1едал т1едале хиллачу паччахьан 1едалх лаций дийца. Х1ун тайпа ницкъаш беш хилла цу хенахь мискачу нахана т1ехь. Муьлха произведенеш йевза шуна оцу заманах лаьцна йазйина йолу.

1-ра ведущий. Ткъа х1инца шозлаг1а гуо лаьтта вай нохчийн халкъан барта кхоллараллех лаьцна.

Хьалхара хаттар иштта хир ду:

Нохчийн халкъан барта кхоллараллех лаций дийца. Х1ун тайпа жанраш йог1у халкъан барта кхоллараллина йукъа?

2-г1а ведущий. Нохчийн барта кхоллараллех лаьцна шозлаг1а хаттар:

Нохчийн иллеш дуьххьара д1а хьан яздина? Дийца цунах лаций.

1-ра ведущий. Кхоалг1а хаттар иштта хир ду:

3.Иллеш кхолларан 1алашо х1ун хилла? Муха д1аолуш хилла уьш.

2-г1а ведущий. Нохчийн фольклорах лаьцна гуо берзош, т1аьххьара хаттар иштта хир ду:

4.Шайна хуу 4-5 кица даладе, даста церан маь1на.

1-ра ведущий. Ткъа х1инцалера къовсадаларш хир ду вайн нохчийн литературех лаьцна.

Тобанан декъашхой, дика ладуг1уш хила, хьалхара хаттар иштта хир ду вайн:

Нохчийн исбаьхьаллин литературин бухбиллархо мила лору? Дийца х1унда.

2-г1а ведущий. Рог1ерчу декъан шолг1ачу хаттаре ладог1а х1инца:

Нохчийн литературехь дуьххьара дийцар йаздинчу авторан а, оцу дийцаран а ц1е йаккха.

2-г1а ведущий. Нохчийн литературех льацна хаттарш дуккха а дала лаахь а, хено вайн гуранаш т1етт1акъовларе терра, « нохчийн литература» гуо къовлуш, т1аьххьара хаттар иштта хир ду:

Х1ун башхалла йу трилогина а, тетралогина а йукъахь? Ц1ераш йаха трилогин а, тетралогин а барамехь язйинчу нохчийн произведенийн.

1-ра ведущий. Хьоме мах хадорхой, тобанан декъашхой! Боьалг1а гуо вайн льтта НОХЧИЙН МАТТАХ льацна. Х1инца вайна хаа таро хир йу, вешан декъашхойн нохчийн маттах льацна хаарш муха ду хьовса. Тидаме хилар доьху массаьрга а.

Хьалхара хаттар иштта хир ду:

1.Кластерш х1иттае собар, барт бохучу дешнашна.

2-г1а ведущий. Шолаг1а хаттар:

2.Шуна схьагучу х1окху дешнашна йалае антонимаш:

УЛЛОХЬ_

Г1ЕНАХ-

НАГГАХЬ-

ЛАЦА-

САХУЬЛУ-

МАЛХБАЛЕ-

КХУШАРА-

1-ра ведущий. Рог1ера хаттар иштта хир ду:

3.Цхьана дешдекъах льтта 5 ц1ердош даладе, легаде царех 1.

2-г1а ведущий. Къовсаман декъашхой, х1ара хаттар иштта ду вайн:

Олхазарий а , диттийн а пхиппа ц1е д1аязъе оьрсийн а, нохчийн а маттахь.

1-ра ведущий. Хьоме накъостий, х1инцалера хаттар ша-кепара ду вайн. Леррина шуна кечдина видео хаттар ду. Нийса жоп- пхеа баллана ду. Ладуг1ур ду-кх вай цуьнга.

2-г1а ведущий. Лераме мах хадорхой, тобанан декъашхой, х1инца вайна герга йахана ловзаран чаккхе. Цундела т1аьххьара къовсам хир бу шина а тобанан тхьамданашна йукъахь.

1-чу тобанан тхьамдана хаттарш:

Предложенин коьрта меженаш.

Ц1ердешан маса терахь ду?

«Еха буьйсанаш» романан автор.

Йаздархойн союзан председатель мила ву вай карарчу хенахь?

Муьлхха а цхьана дийцаран ц1е йаккха.

Синтаксисо х1ун 1амадо?

Нохчийчуьра уггар доккхачу хин ц1е яккха

Дукхаллин терахье даккха сий боху ц1ердош

Понедельник вайн маттахь муха олу?

Мотт боху дош доланиг дожаре даккха.

2-чу тобанан тхьамдана хаттарш:

Предложенин коьртаза меженаш.

Ц1ердешан маса дожар ду?

Хьан язйина «Жа1у» поэма?

Хьайна йевзачу Нохчийчуьра театран ц1е йаккха.

Муьлхха а цхьана романан ц1е яккха.

Фонетико х1ун 1амадо?

Нохчийчоьнан коьртачу шахьаран ц1е йаккха.

Цхьаллин терахье даккха букъарш боху дош.

Суббота вайн маттахь муха олу?

Хьайна вевзачу иллешкарчу турпалхочун ц1е яккха.

1-ра ведущий. Лераме тобанан декъашхой, вайн таханлера

« Бовза беза ненан мотт» ловзаран жам1аш дийцийта а, дерзоран дош ала а вай доьху мах хадорхошка. Дош шуьга ду-кх.